


Yon kout je sou

VIH Pami Fanm nan Vil New York*

1 moun yo fenk dyagnostike
ak VIH sou 5 se fanm.




9 nan fanm sa yo sou 10 se swa nwa oswa Latina.

Diferans rasyal sa yo se yon rezulta nan anpil faktè, ki gen ladan aksè ki pa egalego nan prevansyon VIH ak sèvis swen.



Prèske **80%** fanm yo fenk dyagnostike ak VIH gen sa rive lè yo nan relasyon ak yon sèl gason.

VIH afekte fanm tout laj.



1 fanm sou **3** ki gen VIH fèt deyò Etazini.



Fam imigran yo ka gen plis risk pou gen VIH nan peyi yo, lè yo emigre oswa kote yo rive.

Anviwònman ou afekte sante ou

Sa yo se kèk faktè enpòtan nan anviwònman ou ki, menmsi yo pa anba kontwòl yon moun, ka afekte risk pamì fanm yo pou yo gen VIH:



Lojman

Èske ou gen yon kote
estab pou w rete?



Aksè nan Swen Sante

Èske ou gen yon doktè?
Èske w te pran yon enfeksyon
seksyèlman transmisib (sexually
transmitted infection, MST)?



Prizon

Èske oumenm oswa patnè
ou te nan prizon?



Vyolans nan Kay

Èske ou gen yon patnè k ap
abize ou emosyonèlman
oswa fizikman?

PrEP ka Anpeche VIH

Menm san faktè sosyal yo, kèk fanm ka jwenn li difisil pou pale sou
utilizasyon kapòt oswa zafè VIH ak patnè yo.

PrEP (pwofilaksi avan kontak) se yon gress ou pran chak jou pou
diminye risk ou pou gen enfeksyon VIH. PrEP se yon opsyon prevansyon
san danje ki efikas pou tout fanm ki vle pran kontwòl sante seksyèl
yo. PrEP anpeche yon enfeksyon VIH kote li fè viris la sispann gaye
apre ou pran kontak ak VIH. Pwofilaksi apre kontak (PEP) ka kanpe
yon nouvo enfeksyon VIH si ou kòmanse pran li 72 èdтан apre ou
pran kontak ak viris la.



PrEP pa pral deranje kontwòl planning oswa terapi òmòn.



PrEP pa afekte fètilite , epi li ka pwoteje fanm k ap
eseye vin ansent epi ki gen yon patnè k ap viv ak VIH.



PrEP san danje pou paran ak pitit pandan ak apre gwo sès,
ak pandan y ap bay tete.



Fanm ki pran dwòg nan piki yo ka benefisyé nan PrEP tou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche "PrEP".

Plis Resous:

Tès VIH

Men ki sa ou ka fè pou jwenn adrès pou fè tès VIH gratis oswa pou yon ti kras kòb:

- Tcheke adrès, lè, ak sèvis ki disponib nan Klinik Sante Seksyèl NYC yo nan nyc.gov/health/clinics
- Teks "TESTNYC" bay 877-877
- Rele 311

PrEP ak PEP yo Anpeche VIH

Si ou panse ou te pran kontak ak VIH, kòmanse pran PEP ijans imedyatman. PrEP ak PEP garanti nan anpil plan asirans, tankou Medicaid. Si ou pa gen asirans, ou ka resevwa asistans finansye nan kèk klinik NYC yo. Yo pa pral gade sitiyasyon ou ak imigrasyon pou deside si ou ka jwenn PrEP oswa PEP ou pa.

Pou kòmanse nan PrEP, pale ak pwofesyonèl swen sante ou oswa ale nan yon Klinik Sante Seksyèl NYC. Ou ka jwenn lòt klinik ki bay PrEP lè ou rele 311 tou.

Pou kòmanse pran PEP touswit, ale nan yon klinik oswa nan sal dijans oswa rele liy telefòn 24 sou 24 NYC PEP nan **844-373-7692**.

Swen ak Tretman pou VIH

Sèvis swen pou VIH yo disponib pou tout rezidan New York k ap viv ak VIH, kèlkeswa mwayen yo pou peye oswa sitiyasyon yo ak imigrasyon. Pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche "**Ryan White Services**" oswa tèks "**CARE**" bay 877-877.

Pou jwenn founisè tretman anti-retroviral tousuit, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche "**NYC Health Map**" (**Kat Sante NYC**). Klike sou Sèvis Sante Seksyèl pou jwenn pwofesyonèl swen sante nan kategori ki ka bay tretman VIH nan menm jou a oswa nan demen.

Kapòt

Kapòt ede anpeche transmisyon VIH, lòt MST yo ak gwo sèks ki pa planifye nan fè sèks. Pou jwenn kapòt ak lòt pwodwi pou pwoteje ou gratis nan tout vil la, ale sou sitwèb nyc.gov/condoms.

Sante Mantal: NYC Well

NYC Well se yon sipò gratis, konfidansyèl, entèvansyon kriz, ak enfòmasyon ak sèvis referans pou nenpòt moun k ap chèche èd pou sante mantal ak enkyetid pou abi sibstans, ki disponib 24 sou 24. Entèprèt yo disponib nan plis pase 200 lang.

Pou jwenn aksè nan NYC Well:

- Teks "WELL" bay **65173**
- Rele **81-888-692-9355**
- Rele **711** (sèvis relè pou moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tandem)

Vyolans nan Kay

Nou la pou ede. Gen anpil resous ki disponib si ou nan yon sitiyasyon kote y ap abize ou.

- Rele Liy Dirèk Vyolans nan Kay NYC a **800-621-4673 (HOPE)** oswa **800-810-7444** (si ou gen difikilte pou tandem), oswa rele **311** epi mande pou liy dirèk la.
- Rele Gay and Lesbian Anti-Violence Project (Pwojè Kont Vyolans Kont Omoseksyèl) NYC a nan **212-714-1141**.
- Rele Barrier-Free Living (Lavi san Baryè, pou moun ki andikape) nan **212-533-4358**.
- Vizite yon Sant Jistik pou Fanmi (Family Justice Cente, FJC) NYC pou jwenn èd gratis ak konfidansyèl pou viktim vyolans nan kay, abi kont moun aje ak trafik sèks. Ou mèt vini san randevou. Rele **311** pou konekte ak yon FJC tou pre ou.

Nou te devlope desen sa a ak konsèy Komite Konsilitatif Fanm NYC a

*Tout estatistik soti nan done siveyans pou lane 2018 ki gen fanm transjan yo ladan.

Rele **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health akepi chèche "HIV" (VIH) pou plis enfòmasyon.

